



ANKÈT SOU ITILIZASYON LANG

Chè Paran/Responsab Legal:

Lè yon moun pale plis pase yon lang se yon gwo avantaj. Nou ankouraje paran yo pou yo kenbe lang matènèl yo pandan y ap aprann Anglè. Elèv ki pale oswa ki konprann yon lòt lang ka kalifye pou yo jwenn sipò pou yo amelyore Anglè yo epi reponn ak egizjans akademik Maine nan. Yo dwe poze tout elèv yo kesyon sa yo soti nan pre-kindègadenn rive nan klas 12yèm ane. Sa ap ede lekòl ou a wè si timoun ou ka benefisyé sèvis sipò nan Anglè.

Si w ta renmen pou yo ba w lèt sa a ak ankèt sa a ki pi ba a nan yon lòt lang oswa si w ta renmen jwenn yon entèprtèt, lekòl ou a ap reponn ak demann sa a. Ou gen dwa legal pou w resevwa tout komunikasyon lekòl la ap voye pou ou nan lang ou pi byen konprann nan kit se aloral kit se alekri.

Anplis Anglè a, si gen yon lòt lang yo presize pi ba a, timoun ou an ap pase yon tès konpetans nan Anglè (ELP). Selon rezulta yo, yo ka idantifye timoun ou an kòm yon Elèv k ap Aprann Anglè epi yon jwenn sipò nan lang Anglè a. Nou ta renmen w byen konprann n ap itilize repons ou yo sèlman pou n fè travay sou edikasyon epi konsève yo nan dosye akademik timoun ou an, epi se pèsonèl lekòl la sèlman k ap gen aksè avèk yo. Anplwaye lekòl la pa gen otorizasyon pou yo poze kesyon sou estati imigrasyon fanmi w.

Nou remèsyé w paske w ban nou enfòmasyon sa yo epi nou swete w siksè nan reyisit akademik timoun ou an.

Non Elèv la:	Dat Nesans:
Lekòl:	Klas li pral Fè:

Tanpri, pa kite okenn kesyon san repons.

1. Ki premye lang timoun ou an te pale oswa konprann? _____
2. Ki lang ki pi fasil pou timoun ou an pale oswa konprann? _____
3. Ki lang yo itilize chak jou ak timoun ou an? _____

Siyati Paran/Responsab Legal: _____ Dat: _____

Pou Lekòl la Itilize Sèlman, Idantifikasiyon Aprè Enskripsyon: Si Anglè a se sèl lang yo idantifye nan Ankèt sou Itilizasyon Lang lan (Kesyon 1-3 ki pi wo a), y ap fè yon tès konpetans nan Anglè (ELP) sèlman si yon pwofesè ranpli seksyon sa a epi Direktè/Kowòdonatè Lang yo oswa Komite Aksè Lang lan apwouye l. Bay prèv ki montre lang matènèl elèv la oswa lang yo pale nan kay la te gen enflyans sou devlopman Anglè elèv la, anplis Anglè a:

Siyati: Pwofesè _____ Dat: _____
Direktè/Kowòdonatè Lang yo _____ Dat: _____

RANPLI DOKIMAN SA A EPI METE L NAN DOSYE PÈMANAN ELÈV LA

Baz Legal: Seksyon 3111, Lwa 1965 sou Edikasyon Primè ak Segondè